



Sekirite Sosyal Pou Moun Ki Gen VIH/SIDA

Ki sa ki andedan

Nou peye benefis nan de pwogram	1
Ki jan pou m kalifye pou benefis envalidite Sekirite Sosyal?	1
Ki sa m pral jwenn nan Sekirite Sosyal?	2
Ki jan pou m kalifye pou pèman envalidite SSI?	2
Ki jan pou m aplike pou benefis?	2
Ki jan w pran desizyon sou reklamasyon mwen an?	2
Ki jan m ka ede akselere reklamasyon m nan?	2
Ki sa k rive si m retounen travay?	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Si w genyen VIH/SIDA epi w paka travay, ou ka kalifye pou benefis envalidite nan Administrasyon Sekirite Sosyal. Yo dwe atann pou kondisyon w lan dire omwen ennan oswa li lakoz lanmò w, epi li dwe ase grav pou anpeche w fè travay ki pèmèt ou touche bon jan kòb. Kantite salè nou konsidere kòm bon jan kòb la chanje chak ane. Pou chif aktyèl la, gade nan *Mizajou* (Publication No. 05-10003-HC).

Si pitit ou a genyen VIH/SIDA, li ka gen posiblite pou l jwenn Revni Sekirite Siplemanchè (SSI) si revni fanmi an ba ase.

Nou peye benefis nan de pwogram

Nou peye benefis envalidite nan de pwogram: pwogram asirans envalidite Sekirite Sosyal pou moun ki te peye taks Sekirite Sosyal; ak pwogram Revni Sekirite Siplemanchè pou moun

ki gen revni ba epi ki pa gen anpil resous. Si benefis Sekirite Sosyal ou yo ba anpil epi ou gen revni ak resous ki limite, ou ka kalifye pou resevwa benefis nan toule de pwogram yo.

Ki jan pou m kalifye pou benefis envalidite Sekirite Sosyal?

Lè w travay epi w peye taks Sekirite Sosyal, ou vin genyen kredi Sekirite Sosyal. (Pifò moun genyen maksimòm kat (4) kredi pa ane.) Kantite ane travay ou bezwen pou ka jwenn benefis envalidite depann de laj ou lè w vin envalid la. Jeneralman, ou bezwen senk ane travay nan 10 ane anvan ane ou vin envalid la. Travayè ki pi jèn yo bezwen mwens ane travay. Si yo apwouve aplikasyon w lan, yo pral peye w premye benefis envalidite Sekirite Sosyal ou a pou sizyèm mwa konplè aprè dat envalidite w la te kòmanse a.

Ki sa m pral jwenn nan Sekirite Sosyal?

Montan benefis mansyèl ou an depann de valè kòb ou te touche pandan w t ap travay. Ou pral kalifye pou Medicare tou aprè w fin ap resevwa benefis envalidite pandan 24 mwa. Medicare ede w peye pou swen lopital ak ospis, tès laboratwa, swen sante adomisil ak lòt sèvis medikal. Pou plis enfòmasyon sou Medicare, kontakte nou pou piblikasyon, *Medicare* (Publication No. 05-10043-HC).

Ki jan pou m kalifye pou pèman envalidite SSI?

Si w pa t travay ase lontan pou jwenn Sekirite Sosyal oswa benefis Sekirite Sosyal ou yo ba, ou ka kalifye pou pèman SSI, si revni total ou ak resous ou yo ba ase.

Si w ap resevwa SSI, ou gen anpil chans pou elijib pou pwogram asistans nitrisyon siplemantè a (SNAP) ak Medicaid. Medicaid okipe l de bil medikal ou yo pandan w lopital oswa pandan w ap resevwa swen pou malad ki pa entène. Nan kèk eta, Medicaid peye pou swen ospis, yon enfimyè prive, ak medikaman ou achte ak preskripsyon ou itilize pou konbat maladi VIH. Pou plis enfòmasyon konsènan Medicaid, kontakte biwo sèvis sosyal lokal ou a.

Ki jan pou m aplike pou benefis?

Ou ka aplike pou benefis envalidite Sekirite Sosyal sou entènèt nan www.socialsecurity.gov, oswa ou ka rele nimewo gratis nou an, **1-800-772-1213**, pou mete yon randevou pou fè yon reklamasyon pou envalidite nan biwo lokal Sekirite Sosyal ou a oswa pou mete yon randevou pou yon moun pran reklamasyon w lan pa telefòn. Entèvyou pou reklamasyon envalidite a dire apeprè inèdtan. Si w soud oswa ou gen difikilte pou tande, ou ka rele nimewo TTY gratis nou an, **1-800-325-0778**, ant 7 a.m. ak 7 p.m. jou ouvrab yo. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle zafè Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale ak nou pa telefòn kit se nan biwo Sekirite Sosyal la ou vini.

Nou trete tout apèl yo defason konfidansyèl, epi yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal siveye kèk apèl telefonik paske nou vle asire nou tou ou resevwa sèvis ki kòrèk epi avèk koutwazi.

Ki jan w pran desizyon sou reklamasyon mwen an?

Nou travay sou tout aplikasyon nou resevwa nan men moun ki gen VIH/SIDA yo lepli rapid sa posib. Sekirite Sosyal travay avèk yon ajans nan chak eta ki rele Sèvis Detèminasyon Envalidite (*Disability Determination Services*).

Ajans leta a pral gade enfòmasyon oumenm ak doktè w la ban nou epi deside si w kalifye pou benefis.

Nou ka peye w benefis SSI yo toutsuit pou jiska sis mwa anvan nou pran yon desizyon final sou reklamasyon w lan si:

- Ou pap travay;
- Ou satisfè règ SSI la konsènan revni ak resous; epi
- Doktè w la oswa lòt sous medikal sètifye enfeksyon VIH ou a satisfè kèk kritè ki baze sou règ elijiblite medikal nou yo.

Ki jan m ka ede akselere reklamasyon m nan?

Ou ka ede nou akselere travay n ap fè sou reklamasyon w lan lè w gen kèk enfòmasyon ki pare lè w ap aplike. Sa gen ladan l:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou ak batistè w epi nimewo Sekirite Sosyal ak batistè nenpòt manm fanmi w ki ka ap aplike pou benefis; epi
- Yon kopi fòm W-2 ki pi resan ou genyen. (Si w ap aplike pou SSI, nou pral bezwen enfòmasyon tou konsènan revni ak resous ou yo; pa egzanzp, deklarasyon labank, dosye chomaj, resi lwaye, ak papyè imatrikilasyon machin ou.)

Nou bezwen enfòmasyon tou konsènan:

- Non ak adrès nenpòt doktè, lopital oswa klinik ou te vizite pou resevwa tretman;

- Fason VIH/SIDA te afekte aktivite kotidyen w, tankou fè netwayaj, fè acha, fè manje, pran otobis, eksetera; epi
- Kalite djòb ou te genyen nan 15 ane ki sot pase yo.

Anplis de sa, nou pral mande doktè w la pou l ranpli yon fòm pou fè nou konnen fason enfeksyon VIH ou a te afekte w. Oumenm oswa doktè w la ka gen aksè nan fòm “SSA-4814” pou adilt oswa “SSA- 4815” pou timoun nan <https://www.ssa.gov/forms/index.html> oswa ou ka rele nimewo 800 an pou mande pou fòm ki apwopriye a. Aprè doktè w la fin ranpli epi siyen fòm ki apwopriye a, ou ka pote oswa voye fòm nan ban nou.

Ki sa k rive si m retounen travay?

Si w retounen travay, genyen règ espesyal ki pèmèt benefis ou yo kontinye pandan w ap travay la. Règ sa yo enpòtan pou moun ki gen VIH/SIDA ki ka retounen travay lè yo santi yo miyò.

Pou plis enfòmasyon sou règ sa yo, mande nenpòt biwo Sekirite Sosyal pou yon kopi piblikasyon, *Travay Lè Ou Gen Yon Maladi/ Enfimite—Kòman Nou Ka Ede* (Publication No. 05-10095-HC).

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifeye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration
Publication No. 05-10019-HC | April 2017
Sekirite Sosyal Pou Moun Ki Gen VIH/SIDA
Social Security For People Living With HIV/AIDS (Haitian-Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a